

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

3.1 Lokasi Panalungtikan, Data jeung Sumber Data

3.1.1 Lokasi Panalungtikan

Lokasi panalungtikan di lakukeun di Kampung Naga, Desa Neglasari, Kecamatan Salawu, Kabupaten Tasikmalaya, Provinsi Jawa Barat.

3.1.2 Data jeung Sumber Data


Data dina ieu panalungtikan nyaéta jenis-jenis pakasaban masarakat Kampung Naga jeung sistem pakasaban masarakat Kampung Naga. Sedengkeun sumber data ieu panalungtikan nyaéta masarakat Kampung Naga jeung kaayaan hirup kumbuh sapopoéna kaasup konsép hirupna masarakat Kampung Naga.

3.2 Desain Panalungtikan

Sangkan ieu panalungtikan bisa ngaguluyur kalayan lancar nepi ka ahir, tangtu waé nu nyusun nyieun hiji desain panalungtikan, di handap diébréhkeun desain panalungtikan ti mimiti masalah nu diangkat dina ieu panalungtikan nepi ka kacindekan.

Desain ieu panalungtikan ngawengku (1) ngarumuskeun masalah, (2) nyiapkeun instrumen panalungtikan, (3) ngumpulkeun data ku cara observasi jeung studi pustaka (4) transliterasi rékaman, nganalisis, jeung (5) nyieun kacindekan.

Desain panalungtikan di luhur bisa diébréhkeun dina bagan ieu di handap:



Bagan 3.1

Desain Panalungtikan

3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan nyaéta cara anu digunakeun ku nu nalungtik pikeun ngumpulkeun data panalungtikan.

Dina ieu panalungtikan méthode nu baris dipaké nyaéta méthode déskriptif analitik. Méthode déskriptif analitik dilaksanakeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta nu satuluyna disusul ku analisis. Ieu méthode dipiharep bisa ngaguar sacara jero ngeunaan kaarifan lokal dina kahirupan masarakat Kampung Naga anu geus jadi tradisi ti karuhunna.

Analisis kualitataif dilakukeun pikeun meunangkeun fenoména sosial ti sudut pandang pelakuna. Ngumpulkeun data ngeunaan kaayaan lingkungan biotis jeung fisik bisa ngaliwatan wawancara anu inténs jeung kuncén atawa warga

kampung adat anu maham pisan jeung bisa méré informasi sajas-jelasna. Hal éta dilakukeun pikeun ngaguar sabab jeung prosés kajadianana hiji peristiwa kaarifan budaya lokal, utamana kana sistem pakasaban masarakat Kampung Naga.

3.4 Wangenan Operasional

Wangenan operasional nyaéta tarjamahan tina unggal variabel luyu jeung kabutuhan *observasi, keterukuran, manipulasi, kontrol* jeung *pengetesan* unggal variabel (Suyatna, 2002:9).

Judul ieu panalungtikan nyaéta “Sistem pakasaban masarakat Kampung Naga”. (Kajian ajén-inajén lokal masarakat Kampung Naga, Tasikmalaya minangka landasan sosial budaya pendidikan nasional)

Sangkan aya gambaran tina éta judul, perlu dijéntrékeun wangenan-wangenan istilah dina ieu panalungtikan, nyaéta:

- 1) Sistem pakasaban nyaéta cara prakna digawé atawa aturan digawé pikeun pagawéan anu ngahasilkeun
- 2) Masarakat Kampung Naga nyaéta golongan kampung adat di Jawa Barat anu dicicingan ku sakelompok masarakat anu pengkuh kana adat budaya titinggal karuhunna anu aya di Desa Neglasari, Kacamatan Salawu, Tasikmalaya.
- 3) Ajén Kaarifan lokal nyaéta nilai-nilai wangun pendidikan, kayakinan, pamahaman atawa wawasan sarta adat kabiasaan atawa etika anu nungtut paripolah manusa dina kahirupan di jero komunitas ekologisna.
- 4) Sosial Budaya Pendidikan Nasional nyaéta pola kahirupan babarengan sacara sosial anu ngabogaan budayana séwang-séwangan jeung ngajadikeun tatapakan pikeun Pendidikan Nasional.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat-alat anu digunakeun pikeun ngumpulkeun, ngolah, jeung ngainterprétasi sagala informasi anu ditarima.

Nu jadi instrumén dina ieu panalungtikan di antarana mangrupa format obsérvasi, pedoman wawancara, sarta média-média pangrojong pikeun ngadokuméntasikeun hasil panalungtikan nyaéta kaméra, *Handycam* jeung *tape*

recorder. Format obsérvasi nu baris jadi acuan dina obsérvasi kawas di handap ieu.

3.5.1 Pedoman Observasi

Pedoman wawancara nu baris aya di antarana mangrupa patalékan-patalékan. Runtuyan patalékan-patalékan wawancara nu kasampak dina tabél ngan saukur gurat badag tina patalékan di lapangan. Di lapangan mah bisa leuwih ngalegaan deui éta patalékan téh gumantung kana kabutuhan. Pikeun nyiptakeun suasana anu leuwih ngeunah, patalékan-patalékan téh henteu tuluy-tuluyan merekpek ngabébéak teuing, tapi ngahiji dina obrolan nu hampang.

Tabel 3.1
Format observasi

Format Obsérvasi

Téma obsérvasi :
Lokasi obsérvasi : tgl./jam :
Jenis obsérvasi :

Koding	Data/hasil obsérvasi

3.5.2 Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara digunakeun dina waktu urang keur di lapangan. Pikeun meunangkeun data, urang kudu wawancara langsung ka narasumber. Sangkan wawancarana terarah puguh naon anu rék ditanyakeunana, saluyu jeung naon anu hayang dimeunangkeun datana, perlu ayana pedoman wawancara.

Format pedoman wawancara katut naon-naon waé patalékanana aya dina tabel pedoman wawancara ieu di handap:

Tabel 3.2
Pedoman wawancara

Pedoman Wawancara	
Ruang Lingkup Data	
Data Informan	Patalékan
1. Ngaran narasumber	1. Naon pakasaban saderek?
2. Jenis kelamin narasumber	2. Kumaha sistem atawa cara produksina?
3. Umur narasumber	3. Kumaha hasilna?
4. Status perkawinan	4. Kumaha kayaan konsumena?
5. Pakasaban narasumber	5. Kumaha cara ngadidik anak ngeunaan sistem pakasaban atawa ekonomi numutkeun adat kabiasaan di Kampung Naga?
6. Jumlah anak narasumber	

3.5.3 Pakakas Dokumentasi

Pakakas éléktronik anu dipaké pikeun ngadokumentasikeun gambar, kaayaan, jeung sora narasumber di antarana: Kamera pikeun moto ngadokuméntasikeun data anu dibutuhkeun, *handycam* pikeun ngarekam gambar jeung sora kaayaan suasana di Kampung Naga, *tape recorder* pikeun ngarékam sora narasumber dina waktu wawancara.

3.6 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan nyaéta salasihiji usaha kumaha cara (prosedur) nu kudu dilakukeun kalawan ngagunakeun métode nu tangtu, sangkan tujuan sasaran nu dipiharep dina hiji panalungtikan bisa kahontal (Suyatna, 2002:19).

3.6.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik panalungtikan nu dipaké pikeun ngumpulkeun data jeung nyusun bahan nyaéta, observasi, studi pustaka, wawancara jeung téhnik analisis data. Obsérvasi di dieu nyaéta pengamatan langsung ka lapangan pikeun meunangkeun data anu *valid*. Dina téhnik ieu ogé panalungtik ngagunakeun média nu bisa ngarojong prosés panalungtikan, di antarana kaméra, Hp, jeung sajabana. Wawancara dimaksudkeun pikeun meunangkeun data langsung ti informan atawa tokoh masarakat nu langsung mikawanoh data-data nu baris dikumpulkeun. Studi pustaka, maksudna meunangkeun data nu sipatna dokumén (data gambar-gambar atawa tinulis).

3.6.2 Téhnik Ngolah Data

Dina ieu panalungtikan, aya léngkah-léngkah ngolah data nu geus dikumpulkeun, di antarana:

- a) Niténan deui data nu geus dikumpulkeun;
- b) Ngayakeun transkripsi rékaman;
- c) Nyieun papasingan data;
- d) Nganalisis data;
- e) Ngadéskripsikeun data;
- f) Ngainterpresetasikeun data; jeung
- g) Nyieun kacindekan.